

Medikaman pou Pran pou Pa Gen Malarya Pandan W ap Vwayaje Doksisiklin

Kisa doksisiklin ye?

Doksisiklin se yon antibyotik ou kapab pran kont malarya tou. Li disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Yo vann li sou anpil non komèsyal, epi yo vann li tou kòm yon medikaman jenerik. Li disponib an grenn, an kapsil, ak yon preparasyon likid oral. Gen de (2) kalite doksisiklin ki efikas menm jan ki disponib, iklat doksisiklin ak mono-idrat doksisiklin.

Doktè kapab preskri ou doksisiklin sèlman pou pa gen malarya oswa li kapab preskri ou doksisiklin ansanm avèk yon lòt medikaman pou trete malarya.

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou fason pou itilize medikaman an pou pa pran enfeksyon maladi lè w ap vwayaje.



Kimoun ki kapab pran doksisiklin?

Doktè kapab preskri doksisiklin pou adilt ak timoun ki gen omwen laj 8 tan.

Kimoun ki pa ta dwe pran doksisiklin?

Fanm ansent yo pa ta dwe pran li. Timoun ki poko gen laj 8 tan pa ta dwe pran medikaman an.

Kijan mwen ta dwe pran doksisiklin?

Adilt ak timoun ta dwe pran yon dòz doksisiklin pa semèn apati omwen yon jou oswa de (2) jou anvan yo vwayaje pou ale nan zòn kote moun ap transmèt malarya. Yo ta dwe pran yon dòz chak jou pandan yo nan zòn nan, epi pandan 28 jou youn-apre-lòt apre yo kite zòn nan.

Dòz pa jou pou adilt yo se 100mg pa jou.

Doktè ou ta sipoze kalkile dòz kòrèk chak jou a pou pitit ou dapre gwosè timoun nan. Dòz timoun nan pa ta dwe depase dòz 100mg adilt la pa jou.

Toujou pran doksisiklin avèk lestomak ou plen epitou avèk yon vè plen likid. Pa bwè lèt epitou pa pran lòt pwodui abaz lèt nan dezoutwa èdtan apre ou pran dòz doksisiklin ou. Pa kouche pandan 1 èdtan apre ou pran doksisiklin yon fason pou gòj ou pa irite.

Ki kote mwen kapab achte doksisiklin?

Medikaman kont malarya yo disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Ou ta dwe jwenn medikaman yo nan yon famasi anvan ou vwayaje olye ou jwenn li nan peyi kote ou prale a. Gen risk si ou achte medikaman yo nan peyi etranje: medikaman yo kapab gen move kalite, yo kapab fo epitou yo kapab pa pwoteje ou kont malarya.

Èske doksisiklin ap reyaji avèk lòt medikaman mwen yo?

Kèk lòt medikaman kapab reyaji avèk doksisiklin epi yo lakòz ou gen pwoblèm. Doktè ou responsab pou evalye lòt medikaman w ap pran yo pou asire youn pa reyaji kont lòt epitou pou asire yo pa reyaji kont doksisiklin. Nan kèk ka, doktè ou kapab ajiste medikaman yo pou diminye reyaksyon yo nèt youn ak lòt. Ou kapab mande famasyon ou tou pou tcheke si medikaman yo ap reyaji youn ak lòt.

Pa egzanp, kèk moun k ap pran medikaman komen pou fè san yo pi likid ki rele Coumadin (warfarin) ka nan yon pi gwo risk pou senyen si yo pran doksisiklin. Si pa gen lòt mwayen, doktè a kapab ajiste dòz Coumadin pou pèmèt ou pran toulède medikaman yo san pwoblèm. Ou pa ta dwe pran sèten anti-asid (ki gen kalsyòm ak mayezyòm) pandan w ap pran doksisiklin.

Malarya se yon maladi grav ki kapab lakòz lanmò si li pa trete touswit. Moun pran maladi a akòz yon parazit ki kapab enfekte yon sèten kalite moustik ki manje imen.


Chak ane, doktè dekouvri apeprè 1,700 ka malarya nan Etazini. Prèske tout ka sa yo se sou vwayajè ki sòti nan kèk kote nan lemond ki gen moun ki gen malarya.

Doksisiklin

Nan ki kote nan lemonn yo kapab itilize doksisiklin pou prevansyon malarya sou vwayajè yo?

Pou kounye a, moun kapab pran doksisiklin nan nenpòt kote nan lemonn ki gen moun ki gen malarya.

CDC ap kontinye swiv tout kote nan lemonn moun ap transmèt malarya epi ki gen medikaman kont malarya ki rekòmande pou itilize nan chak kote. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo avèk plan ki sou sitwèb CDC pou malarya: <http://www.cdc.gov/malaria/map/index.html>.



Ki efè segondè doksisiklin ka lakòz?

Efè segondè doksisiklin ki pi komen se sansiblite nan solèy (yon moun kapab pran yon kout-solèy pi fasil pase jan moun nan ta pran li nòmalman). Pou pa pran kout-solèy, pa rete nan solèy la nan mitan jounen, epi mete yon krèm ekran total ki gen anpil SPF.

Doksisiklin ka lakòz ou gen kèplen ak doulè lestomak. Efè segondè sa yo kapab diminye souvan si ou pran doksisiklin avèk manje. Mono-idrat doksisiklin, kalite medikaman an ki pi chè a, gen mwens chans pou balonnen lestomak ou pase iklat doksisiklin nan. Famasyon ou ka vann yon kalite medikaman an oswa lòt kalite a si ou pito.

Fanm ki pran doksisiklin ka gen yon enfeksyon levi vajinal. Ou kapab swa pran yon medikaman san preskripsyon oswa yon medikaman sou preskripsyon si ou gen demanjezon vajinal oswa dechaj vajinal.

Tout medikaman ka lakòz efè segondè. Efè segondè minè tankou kèplen, vomisman pafwa, oswa dyare anjeneral pa oblije ou sispann pran medikaman kont malarya. Si ou pa kapab tolere medikaman kont malarya, wè pwofesyonèl swen sante ou; gen lòt medikaman kont malarya ki disponib.

Lòt konsiderasyon

- Bon pou moun k ap pran desizyon pou vwayaje nan dènye minit yo paske yo kòmanse pran medikaman an 1-2 jou anvan yo vwayaje pou ale nan yon zòn kote moun ap transmèt malarya
- Kèk moun deja ap pran doksisiklin souvan pou yo pa gen akne. Nan ka sa yo, yo pa gen pou pran yon medikaman siplemantè
- Doksisiklin se ka medikaman ki pi mwen chè pami tout moun medikaman kont malarya, poutèt sa li ta pi bon sitou pou vwayaj ki dire anpil tan.
- Doksisiklin kapab evite kèk lòt enfeksyon epi poutèt sa li ka pi bon pou moun ki planifye pou fè anpil pwomnad, kan, epi mache ak naje nan dlo fre.

Konbyen pou mwen pran doksisiklin san risk?

CDC pa gen limit sou itilizasyon doksisiklin pou prevansyon malarya. Pa gen prèv domaj lè yon moun pran medikaman an pou peryòd tan ki long.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

Tcheke sitwèb CDC pou malarya nan www.cdc.gov/malaria

Pwofesyonèl swen sante ki bezwen èd avèk dyagnostik oswa kontwòl ka malarya yo sispèk ta dwe rele Liy Enfòmasyon CDC pou Malarya: 770-488-7788 oswa 855-856-4713 gratis (Lendi-Vandredi, 9am-5pm, lè zòn lès).

Konsiltasyon pou ijans apre lè biwo fèmen, rele nimewo: 770-488-7100 epi mande pou pale avèk yon klinisyen Branch Malarya CDC.

Evite Pran Malarya

- Pran yon medikaman kont malarya.
- Pa kite moustik mòde ou.
- Si ou malad, chèche swen pwofesyonèl swen sante imedyatman.